# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2022-jıl ushın isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkasın ijaraǵa aliw huqıqınıǹ eń kem muǵdarların tastıyıqlaw haqqında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı

Image not found or type unknown

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2022-jıl ushın isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkasın ijaraǵa aliw huqıqınıǹ eń kem muǵdarların tastıyıqlaw haqqında**

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 14-fevraldaǵı «Awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkaların menshiklestiriw tuwrısında»gi Ózbekstan Respublikası Nızamın ámelge asırıw ilajları haqqında»ǵı PQ-71-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan isbilermenlik hám qalasazlik iskerligin ámelge asırıw ushın jer uchastkaların múlk huqıqı hám ijara huqıqı tiykarında elektron onlayn-aukcion arqalı beriw tártibi haqqındaǵı Nızamniǹ 25-bánti talapların orınlaw maqsetinde, sonday-aq, «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında»ǵı Nızamınıń 25-statyasına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi **qarar etedi**:

1. Mámleketlik salıq basqarması tárepinen usınıs etilgen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2022-jıl ushın isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan bos turǵan jer uchastkaların elektron onlayn-auktsion sawdaları arqalı ijara huqıqı menen beriwdiń
**eń kem muǵdarları** qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

2. Nókis qalası hám rayonlar hákimleri Qurılıs ministrligi, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleketlik kadastrları palatasınıǹ Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması hámde tiyisli ministrlik, mákemeler menen birgelikte belgilengen tártipte yuridikalıq hám fizikalıq shaxslarǵa isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw ushın jer uchastkalardı ijara huqıqı menen beriw maqsetinde ekektron aukcion sawdalarına shıǵarılıwın támiyinlesin.

Bunda, aymaqlarda jer uchastkalardı ijara huqıqı menen beriwdiń eń kem muǵdarların belgilewde jer salıǵınıń jıllıq muǵdarı, jer uchastkasın tańlaw materialların tayarlaw jumıslarınıń bahası hám jer uchastkasına bolǵan huqıqlardı mámleket diziminen ótkeriwge tiyisli qárejetler, jer uchastkasınıń jaylasqan ornı, injenerlik-kommunikaciya tarmaqlarına jalǵanǵanlıǵın inabatqa alsın.

3. Nókis qalası hám rayonlar hákimleri:

elektron aukcion sawdalarında satılǵan jer uchastkalarınan maqsetli hám nátiyjeli paydalanıwın turaqlı monitorińgin alıp barsin hámde maqsetsiz paydalanıw jaǵdayları anıqlanǵan jaǵdayda jer uchastkasın hákimlik rezervına alıw ilajların kóriw;

Mámleketlik salıq basqarması, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleketlik kadastrları palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleket aktivlerin basqarıw agentligininì Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması menen birgelikte aymaqlarda isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan bos jer uchastkaları hám ımarat (bina)lardıǹ belgilengen eń kem muǵdarǵa qatań ámel etiliwin hámde jergilikli byudjetke pul túsimlerin waqıtında hám tolıq túsiriliwin támiyinlesin.

4. Mámleketlik salıq basqarması Nókis qalası hám rayonlar ushın jer uchastkalarınıǹ ijara huqıqı ushın eń kem muǵdarları usı qarar tastıyıqlanǵan sáneden baslap eki kún múddette «Yerelektron» avtomatlastırılǵan elektron sistemasına kirgizsin.

5. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti, Mámleketlik salıq basqarması hámde Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan

Respublikası basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası Xabar hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası, «Erkin Qaraqalpaqstan» hám «Вести Каракалпакстана » gazetaları redakciyası menen birgelikte usı qarardı belgilengen tártipte xalıq hám isbilermenler ortasında úgit násiyatlaw, maqalalardı baspadan shıǵarıw hámde ǵalaba xabar quralları arqalı sáwlelendiriw usınıs etilsin.

6. Bul qarar rásmiy daǵaza etilgen kúnnen baslap kúshke kiriwi belgilep qóyılsın.

7. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip Mámleketlik salıq basqarması baslıǵı X.Bekchanov, Qurılis ministri J.Berdixanov, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması baslıǵı I.Tleuov belgilensin.

Qarardıǹ orınlanıwın talqılaw, atqarıw ushın juwapker shólkemler jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń birinshi orınbasarı N. Erlepesovqa júklensin.

Image not found or type unknown

Esletpe:

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 3-dekabrdegi «Resurs salıqları hám mal-múlk salıǵın ele de jetilistiriw haqqında»ǵı PF-6121-sanlı Pármanı hámde Salıq kodeksiniń 429-, 437-statyalarına tiykarlanıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidumınıń 2022-jıl 25-fevraldegi 605-sanlı hám xalıq deputatları rayon (qala)lıq Keńesiniń qararlarına tiykar yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardıń shaxslardıń awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jerlerine 2022-jıl ushın belgilengen jer salıǵı stavkasınan alınǵan.

2. Jaylasqan ornı boyınsha 1 gektar jer uchastka ushın bir jıllıq bazalıq salıq muǵdarınan kelip shıǵıp esaplansın.